Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL PRAN MEZI POU PWOTEJE SANTE PIBLIK LA, LI SIYEN PAKE LEJISLATIF POU SIPÒYE PASYAN YO

Lejislasyon S.1196-A/A.1673-A asire plan asirans ki reglemante pa eta a yo kouvri tès byomakè pou amelyore rezilta sante yo

Lejislasyon S.6897/A.7328 pral ede abòde mank anplwaye nan mezon retrèt yo ak lòt etablisman swen sante rezidansyèl yo

Lejislasyon S.6641-A/A.7365 bay ranbousman pou kèk sèvis sante adomisil

Lejislasyon S.6521/A.3089 retabli Pwogram Asistans Fibwoz Kistik pou Adilt pou ranbouse adilt ki gen fibwoz kistik pou swen sante pa yo oswa depans asirans sante yo

Lejislasyon S.5890-A/A.2853-B otorize konpayi asirans lavi yo pou yo etabli pwogram byennèt pou entèdi konpayi asirans yo diminye benefis asirans pou andikap alontèm yo

Lejislasyon S.7211/A.7218 amelyore rapò ak rezolisyon pwoblèm nan etablisman swen rezidans lan

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif pou pwoteje sante piblik nan Eta New York. Sis nouvo lwa yo pral asire plan sante ki reglemante pa eta a kouvri tès byomakè pou amelyore rezilta sante pou pasyan yo; ede abòde mank anplwaye nan mezon retrèt yo ak lòt etablisman swen sante rezidansyèl yo; bay kèk depatman sante lokal sekou administratif pou sèvis yo bay lakay yon pasyan; retabli Pwogram Asistans Fibwoz Kistik pou Adilt (Adult Cystic Fibrosis Assistance Program) pou ranbouse granmoun ki gen fibwoz kistik pou swen sante yo oswa depans asirans sante yo; otorize konpayi asirans lavi yo pou etabli pwogram byennèt pou entèdi konpayi asirans yo diminye avantaj asirans pou andikap alontèm yo; bay kèk depatman sante lokal sekou administratif pou sèvis yo bay lakay yon pasyan; epi amelyore rapò ak rezolisyon pwoblèm nan etablisman swen rezidansyèl yo.

"Chak Nouyòkè merite mennen yon vi ki an sekirite, ki an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan agrandi aksè nan tès kansè nan tete pou abòde mank anplwaye nan

mezon retrèt yo, pake lejislatif sa a adrese anpil nan pwoblèm kritik sistèm sante piblik nou an ap fè fas jodi a."

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye bay zouti ki nesesè pou asire sistèm sante piblik nou an dirije nasyon an nan amelyore rezilta sante pou tout moun. Pami nouvo lwa sa yo genyen dispozisyon ki pral ede nou abòde defi pèsonèl ki gen enpak sou Nouyòkè ki pi vilnerab yo, bay ranbousman ki nesesè pou swen sante espesyalize, epi otorize founisè asirans yo pou yo kreye pwogram byennèt ki anpeche konpayi asirans yo diminye avantaj asirans pou andikap alontèm yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li asire Eta a kontinye asire aksè a bon jan kalite swen sante pou tout Nouyòkè yo."

Lejislasyon S.1196-A/A.1673-A egzije plan asirans eta a, ki gen ladan Medicaid, pou kouvri tès byomakè pou dyagnostik, tretman, jesyon apwopriye, oswa siveyans kontinyèl maladi oswa kondisyon yon pasyan lè tès la sipòte pa prèv medikal ak syantifik.

Senatè Eta, Roxanne Persaud, te deklare, "Tès Byomakè te vin rapidman yon pati entegral nan swen sante, kòm rechèch yo te montre ke li amelyore yon fason konsiderab rezilta pou pasyan ki soufri divès maladi ak kondisyon, ki gen ladan diferan fòm kansè, atrit, Parkinson, ak plis ankò. Apre anpil mwa nan efò devwe, mwen kontan dèske nou ka bay plizyè milyon Nouyòkè kado aksè ak tretman ki ka sove lavi sa a menm jan nou apwoche jou ferye yo. Mwen vle remèsye ko-esponnsò mwen an, Manm Asanble Pamela Hunter, Gouvènè Kathy Hochul, American Cancer Society, ak anpil lòt òganizasyon ki te sipòte lejislasyon sa a avèk antouzyasm epi ki finalman te rann li posib. Nou pa t ap selebre reyalizasyon sa a jodi a san sipò enkondisyonèl òganizasyon sa yo ak moun ki rekonèt ke sa a se yon pwoblèm konsènan sove lavi yo. Aksè ak dyagnostik alè ak tretman vize te bay yon gwo bourad, epi mwen fyè de akonplisman nou an."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Pandan kapasite medikal yo ap pwogrese epi pasyan yo kòmanse wè rezilta sante yo amelyore anpil, nou ta dwe fè efò pou nou fè benefis nouvo avansman sa yo ekitab jan sa posib. Ak tès byomakè, pasyan yo pral gen aksè ak nouvo enfòmasyon ki pral gide tretman nan yon fason ki pi adapte pou moun nan. Anplis de sa, sa pral ede konsève resous medikal yo pliske pasyan yo resevwa tretman ki gen plis chans bay rezilta olye pou yo sibi yon peryòd esè ak erè. Mwen fyè dèske mwen te patwone pwojè lwa sa a nan Eta New York epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li te siyen lwa enpòtan sa a pou vin lwa pou elaji siyifikativman disponiblite tès ki kapab sove lavi sa yo."

Lejislasyon S.6897/A.7328 pral ede rezoud pwoblèm anplwaye ki asosye ak pandemi an ki te lakòz yon ogmantasyon nan itilizasyon anplwaye ajans tanporè atravè swen sante, sa enkli nan mezon retrèt yo. Lejislasyon an pral etabli yon pwojè demonstrasyon katran pou redwi itilizasyon ajans pèsonèl tanporè yo nan etablisman swen sante rezidansyèl yo lè li ankouraje yon rediksyon nan itilizasyon anplwaye ajans tanporè yo epi pi byen konsantre resous yo sou kontinite anplwaye aplentan.

Lejislasyon S.6641-A/A.7365 pral pèmèt depatman sante lokal yo bay sèvis sante piblik debaz "lejè" nan kay la san yo pa sibi tout egzijans yon ajans sèvis swen adomisil ki gen lisans.

Manm Asanble Amy Paulin, te deklare, "Soulaje fado administratif ak finansye ki soti nan men founisè swen sante yo toujou nesesè, espesyalman nan moman sa a lè sistèm swen sante nou an ap lite ak mank mendèè ak pwoblèm finansye apre Covid. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa yo pou vin lwa ki sipòte depatman sante nou yo, etablisman swen enfimye kalifye nou yo, epi finalman sistèm swen sante New York la."

Lejislasyon S.6521/A.3089 retabli Pwogram Asistans Fibwoz Kistik pou Adilt pou ranbouse depans pou bay swen sante oswa asirans sante pou moun ki elijib ki gen fibwoz kistik.

Senatè Eta Kevin Thomas, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen Pwogram Asistans Fibwoz Kistik pou Adilt la an lwa, pou asire moun k ap goumen ak maladi difisil sa a gen aksè ak sipò yo bezwen. Sa a se yon etap enpòtan pou soulaje presyon sou adilt ki gen fibwoz kistik lè yo ranbouse depans swen sante yo, sa ki pèmèt yo resevwa tretman epi kenbe byennèt yo san yon fado finansye eksesif."

Manm Asanble Stacey Pheffer Amato, te deklare, "Apre plizyè ane nan defans, nou rive nan moman istorik sa a. Lejislasyon sa a rasyonalize yon pwosesis difisil epi kounye a li pral pèmèt moun ak fanmi k ap goumen ak CF gen aksè ak resous yo merite yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske w siyen pwojè lwa sa a, ak yon mèsi trè espesyal pou fanmi Fox ki nan distri mwen an ki te defann yon fason etonan kont pwoblèm sa a epi k ap travay pou bay lejislasyon sa a lavi epi amelyore lavi Nouyòkè yo."

Lejislasyon S.5890-A/A.2853-B otorize konpayi asirans lavi yo pou yo etabli pwogram byennèt ansanm ak emisyon kontra asirans vi pou asire ranbousman total oswa pasyèl pou pri yon aparèy ak abònman ki asosye ki ka itilize pou swiv aktivite oswa done byometrik ak rabè sou asirans lavi ak sou pwodwi oswa sèvis ki gen entansyon ankouraje chanjman konpòtman pozitif.

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Li esansyèl pou manm kominote nou an kapab bay sante ak byennèt yo priyorite jan sa nesesè. Asirans lavi se pa sèlman yon privye sekirite, men se yon fòm swen prevantif ki bay sekirite ak kè poze pou moun ak fanmi pa yo. Lejislasyon sa a pral pèmèt Nouyòkè yo patisipe nan pwogram byennèt konpayi asirans lavi yo ofri, sa ki pèmèt moun ki gen kontra asirans yo pwofite totalman avantaj ki disponib pou yo. Mèsi Senatè Breslin, Gouvènè Kathy Hochul, manm Konsèy Asirans Lavi New York (Life Insurance Council of New York, LICONY), kòlèg eta mwen yo, ak defansè fidèl nou yo paske yo sipòte byennèt moun New York yo."

Lwa S.7211/A.7218 amelyore rapò ak rezolisyon pwoblèm nan etablisman swen rezidansyèl yo lè li etabli kominikasyon regilye ant medyatè swen alontèm ki resevwa plent ak envestigatè plent sa yo.

Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare, "Li enpòtan anpil pou granmoun aje nou yo, ansanm ak fanmi yo ak moun k ap bay swen yo, gen aksè ak enfòmasyon ak asistans nan men pwofesyonèl ki konprann yo epi ki kapab defann yon fason efikas nan non yo. Pou anpil moun nan etablisman swen alontèm, Medyatè a pral premye epi petèt sèl moun ki pral kominike avèk yo epi kominike ak ajans ki konsène yo, nan non yo. Yon fwa ke pwogram Medyatè a resevwa finansman adekwat, mwen pa gen dout nan entèvansyon sa yo pral sove yon pakèt lavi epi nou ka evite lanmò trajik granmoun aje nou yo te eksperimante pandan pandemi COVID-19 la. Mwen pa ka tann pou m travay ak pwogram Medyatè a pou ede angaje ak rekrite plizyè gwoup defansè ki pral sipòte travay enpòtan sa a."

Manm Asanble Ron Kim, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon S7211/A7218 nou an pou kontinye amelyore pwogram medyatè swen alontèm (long-term care ombudsman program, LTCOP) eta a. Sa a se yon etap enpòtan pou bati kapasite eta a pou sipèvize ak kontwole enstalasyon ki gen responsablite pou pran swen moun ki pi vilnerab nou yo. Jodi a, twòp fanmi pè ke mezon retrèt yo, ak sant reyabilitasyon yo ap fè rakousi epi neglije pwòch yo. Lè yo asire medyatè yo resevwa fòmasyon nan sansiblite kiltirèl epi yo oblije fè swivi plent yo, fanmi sa yo ka repoze yon ti kras pi fasil."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU